Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

МР "Цумадинский район" Республика Дагестан

2026 соналъул 1 май Рузман № 17 (7948) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъуруш 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Райадминистрациялда**

## Районалъул активалъул иргадулаб данделъи

23 апрелалда райадминистрациялъул данделъабазул залалда районалъул бетIер Шамил ГIумаровас тIобитIана районалъул активалъул иргадулаб данделъи. Гьениб гьоркьоб лъуна социалиябгун гIуцIиялъулаб суал.



Данделъи байбихьана Чернобылалъул атомалъулаб электростанциялда авария ккаралдаса 40 сон тIубаялъул бициналдаса. Районалъул нухмалъулес жиндирго кIалъялъулъ ракIалде щвезабуна 1986 соналъул 26 апрелалъул балагьаб къо, бицана гьениб атомалъулаб электростанциялда ккараб авариялъ гьабураб кIудияб заралалъул. КIалъаялъул ахиралда гьес, баркалаги загьир гьабулаго, къиматал сайгъатаздалъун кIодо гьаруна Чернобылалъул АЭСалъул авариялъул хIасилал тIагIинариялъул гIахьалчагIи.

Чернобылалъул атомалъулаб электростанциялда ккараб авариялъул бицун кIалъазе рахъана районалъул маданияталъул управлениялъул нухмалъулев ГIабдусалам МухIамадов, районалъул ветераназул Советалъул нухмалъулев МухIамад ХIанапов, авариялъул хIакъалъулъ кучIдул цIалана Агъвали гимназиялъул цIалдохъабаз.



Хадубго Шамил ГIумаровас борхана исана апрелалда рарал чвахунцIадазул хIасилалда Дагъистаналъул цо-цо районазда ва МахIачхъала шагьаралда халкъалъе ккараб зарал-зияналъул ва гьезие кумек гьабизе ккеялъул суал. Гьеб суалалъул рахъ ккуна данделъиялда гIахьаллъараз ва районцоял ахIана къварилъи ккаразе кумек гьабизе.

Гьединго районалъул бетIерас кIудияб баркала загьир гьабуна цересел къояз райцентралда тIобитIараб субботникалъул гIахьалчагIазе.

Данделъиялда борхана КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 81 сон тIубай кIодо гьабиялъул суалги.

Данделъиялъул ахиралда борхана армиялде гIолохъаби ритIиялъул суал. Районалъул рагъулав комиссар МухIамадрасул Расуловас бицана ихдалил призывалъул хIакъалъулъ, гьелда сверухъ дандчIвалел захIмалъабазул ва гьабизе кколеб хIалтIул. Гьеб рахъалъ гьабулеб хIалтIи аслияб куцалъ квеш гIуцIун гьечIин абуна МухIамадрасул Расуловас.

Данделъи тIобитIана гIуцIадго, районалъул хIалтIул аслиял рахъазда хурхун чIванкъотIарал хIукмабиги гьарун.

**ГIубайдула Малачдибиров**

**1 Май - ихдалил ва захIматалъул байрам**

## Районалъул бетIерасул барки

ХIурматиял районцоял!

Жакъа Россиялда кIодо гьабулеб буго ТIоцебесеб май - ихдалил ва захIматалъул байрам! Гьеб къо нилъер тарихалде лъугьана ракълилаб, захIматалъул ва цолъиялъул гIаламатлъун кколеб байрам хIисабалда.




ТIоцебесеб май нилъее хутIулеб буго улкаялъул бищунго хириял, жакъасеб тарихалдаса батIа гьабизе кIолареб, байрамазул цояблъун. Гьеб кидаго букIана ва букIине буго лъикIлъиялъул ва ритIухълъиялъул, захIматхалкъалъул адаб-хIурматалъул къолъун. Гьеб ккола ихдалил цIилъиялъул ва хинлъиялъул, гIумру лъикIлъизабизе бугеб гъираялъул байрам. ТIоцебесеб май ккола миллатазда гьоркьоб цоцада ричIчIиялъул ва рекъелалъул байрамлъунги. Жакъа хасго кIвар бугеблъун ккола цадахъ рекъон хIалтIиялъул ва гIуцIиялъул кIвар бичIчIи. Нилъер район цебетIеялъе ва щулалъиялъе къимат тIокIаб бутIа лъуна чанго гIелалъ. Нилъеца гьеб хирияб гIадат цIунизе ккола нилъерго гьитIинаб ватIан щулалъиялъе ва бечелъиялъе.

РакI-ракIалъ баркула нужеда 1 Май! Гьарула киназего щулияб сахлъи, рекъел ва талихI, нужер лъикIал ишазулъ ва хIаракаталъулъ бергьенлъаби, тIураги нужер хьулалгун анищал.

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

## Бузнаса нух

Гьаб дир умумуца ирсалъе тараб,
Баракат гIемераб, гIумру бихьараб,
Гъазават борхараб, шаригIат ккураб,
Щибаб лъакIда хадуб тарих бижараб.
ЧIухIула дудасан Бузнаса нух дун,
Дирги надалдаса дуй гIетI бацIцIиналъ,
ЧIухIула гъеж гурун хIалтIулездаса,
ХIал цоцазе бикьун яхI ккураздаса.
ЧIухIула щибниги барахщинчIого,
Нухдул кириялде квер бегьаразда,
Ахираталъул рукъ чIухIун къачIазе,
Нахъе къай гьечIого пай рехаразда.
ЧIухIула кIвахI гьечIев МухIамадкамил,
Маххул пуруц гIадин, нилъгун вукIиналъ,
ТIалхIатов МухIамад, МухIамадрасул,
Якъубов МухIамад-нилъер хIаракат.
ЧIухIула щибаб рукъ-сахаватчилъи,
Сабру- иманалда гьабураб дандчIвай.
Щибаб жамагIаталъ, къараб зар гIадин,
Къиматалда кьураб щибаб гъурщида.
Гьоболасе кьолеб кIодолъиялда,
КIудияб ишалъулъ нуж цолъиялда,
Акциял гьарулел, къец бан хIалтIулел,
ХIал нухлуе кьолеб къуваталдаса.
Божула ахираб къоно лъезегIан,
Къаларин нуж нахъе Бузна нухдаса.
Бищун тIадегIанаб киридал сайгъат
Садакъа гьоркьобгун босилин кодоб.

**МухIамад ТIалхIатов,** Силди росу

## КIудияб ВатIанияб рагъ: тарихал ва хIужаби

1941 соналъул 22 июналда радал сагIат ункъоялда фашистазул Германия тIаде кIанцIана Совет Союзалде ва байбихьана 1418 сордо-къоялъ халатбахъараб рагъ. Рагъул тIоцебесеб къоялъго гитлерил фашистаз хвезабуна советияб 1200 самолет, гьездаса 800-ялдаса цIикIкIун- аэродромазда.

ГIаммаб къагIидаялъ 34 476 700 советияв рагъухъанас гIахьаллъи гьабуна рагъда. Армиялдегун флоталде ахIун йикIана 490 000 чIужугIадан.

БагIараб (Советияб) армиялъул камуна 11 944 100 чи. Гьездаса 6 885 000 чи чIвана, 4 559 000 чи араб бакI лъачIого тIагIана, 4 559 000 чи асирлъуде ккана.

ГIаммаб къагIидаялъ Совет Союзалъул хвана 26 600 000 чи. Рагъул къурбаназул 13 700 000 чи вукIана гIадатиял гIадамал. Гьезул 7400 000 чи чIвана гитлерилаз, гьездаго гьорлъ 221 000 лъимер. ХIал гьабун Германиялда хIалтIулаго хвана 2200 000 чи ва оккупациялда вакъуца хвана 4 100 000 чи.

Ленинград сверункквей (блокада) халатбахъана 878 къоялъ. Гьелъул хIасилалда хваразул къадар цIикIкIараб буго дунялалъул кIиабилеб рагъулъ хварал США-ялъулгун Великобританиялъул аскариязул гIаммаб камиялдаса. СССРалъул гIелмабазул академиялъул тарихалъул институталъул Ленинградалда бугеб филиалалъул хIалтIухъабазул цIех-рехазул хIасилазда рекъон, фашистазул блокадаялъул заманалда Ленинградалда вакъуца хун вуго 800 000-ясде гIунтIун чи.

Совет Союзалъул 1710 шагьар, 70 000-ялдаса цIикIкIун росу, 32 000 заводгун фабрика биххизабуна ва 98 000 колхоз талавур гьабуна.

Бищунго цIикIкIарал камиял Германиялъе ккана Совет Союзалъулгун рагъул заманалда. Немцазул 742000 рагъухъан хвана 1941 соналъул риидал. Гьебго заманалда, Польшаялде, Франциялде, Англиялде, Норвегиялде, Бельгиялде, Голландиялде, Даниялде ва Балканазул улкабазде данде гьабураб рагъулъ Германиялъул камуна 418 805 рагъухъан.

ГIаммаб къагIидаялъ 260 000 000 000 долларалде бахана рагъул заманалда бакIал риххизариялдалъун ккараб зарал. Гьезда гьоркьоса 128 000 000 000 долларалъе зарал ккана Совет Союзалъе, 48 000 000 000 долларалъе - Германиялъе, 21 000 000 000 долларалъе - Франциялъе, 20 000 000 000 долларалъе- Польшаялъе ва 6 800 000 000 долларалъе - Англиялъе.

9000 000-ялде гIагарун советияв рагъухъан гIахьаллъана Европаялъул 11 улка эркен гьабиялъулъ. Гьенир БагIараб армиялъе ккана 1 089 502 чи накълулъараб ками. Гьездаса 600 212 чи - Польша, 139 918 чи- Чехословакия, 140 004 чи- Венгрия, 101 961 чи- Германия, 68 993 чи-Румыния, 26 006 чи-Австрия, 7 995 чи- Югославия, 3 436 чи - Норвегия ва 977 чи Болгария эркен гьабулаго хвана.

КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъарав щибав щуабилев чи кIодо гьавуна шапакъатаздалъун. Кинавниги 11 681 рагъухъан мустахIикълъана Совет Союзалъул БахIарчи абураб цIаралъе ва 2 532 лъабабго даражаялъул «Реццалъул» орденалъе.

Росабалъа харбал

# Ниж рацIцIалъи цIуниялъул рахъалда



Гьединаб ахIиялда гьоркь тIобитIана гьал кьояз Силди росдал гьоркьохъеб школалда школа сверухъ бакI ва росдал къватIал рацIцIад гьариялъул ихлалилаб гвай-субботник. ТIоцебесеб классалдаса байбихьараб выпускниказде щвезегIан киналго цIалдохъабаз жигараб гIахьаллъи гьабуна гьениб. Щибаб классалъе букIана рацIцIалъи гьабизе бихьизабураб бакI.

ЩIилицI-жулгун, ведро-белгун рачIарал цIалдохъабазда рацIцIалъи иманалъул бащалъи кколеблъи гьитIинго бичIчIулеб букIин бихьулеб букIана гьезул хIалтIухъ балагьун.

МугIалимзабигун техникияб персонал ва цIалдохъаби гIахьаллъараб субботник ана аваданго ва ракIгъун.

Сверухъ мугIрузда цIвакулеб гIазуги бугеб, гIодоблъиялда херги бижараб, гвангъун бакъги бачIараб кьоялъ гьира бачIунеб бугин дагьабниги рацIцIа-ракъалъи чIезабизеги, росдае пайдаяллъун рукIинеги, берцинаб сверухъльиялда гIодорги чIун, харбиде журан, ракIгъун рукIинегиян руго силдадерил цIалдохъабиги жидерго хIалтIудаса бугеб разилъи загьир гьабулаго.

Школалъул дирекциялъ ва росдал администрациялъ баркала загьир гьабулеб буго субботникалъул гIахьалчагIазе.

**Умукусум МусахIажиева,**
Силди школалъул директор

# Нухал рацIцIана

АнцIго кьоялде гIунтIун заманаялъ халатбахъана ХъварщикIкIалахъ ругел росабалъ гIаздадасан нухал рацIцIиялъул хIалтIи. Гьездаго цадахъ букIана токалъул хIалтIиги бачунеб: бакI-бакIаздаса тIурал кварал, регарал хIубал рукIкIалиде ккезари. Гьенибе гьорлъе унеб кIиябго администрациялъул нухмалъулел ГIабдулнасир Хизриевгун ГIабдулхабир ГIабдулхабиров ва подстанциялъулгун нухазул управлениялъул хIалтIухъаби гьава-бакъалъухъ балагьичIого хIалтIана халкъалъул тIалабал тIурай ва нухазда хьвадиялъе хIинкъи гьечIолъи букIин мурадалда.



-ТIадинхокъвари бугеб мобильнияб бухьеналъул вышкаялде нух кIиго метралде гIунтIун бараб гIаздадаса бацIцIад гьабиялъул хIалтIабиги сон-церекъад рагIалде рахъанин абизе бегьула,-ян бицана росдал администрациялъул нухмалъулесул заместитель Айгьанат МухIамадовалъ. -Баркала загьир гьабулеб буго кIиябго администрациялде гьорлъе унел росабазул жамагIатазе гьабураб кумекалъухъ. ЖамагIаталъул газа кьурдаги рекIулин абуларищха? РукIарал захIмалъабазухъ балагьичIого, рагIалде бахъинабуна, жамагIат цолъун гьабураб хIалтIи.

**СагIит СагIитов,** Инхокъвари росу

# Рагъулабгун патриотикияб тарбия - гIолилал куцаялъул аслу

23 апрелалда Агъвали гимназиялда тIобитIана районалъул школлъималазда гьоркьоб «Зарница 2.0» абураб ТIолгороссиялъул рагъулабгун-патриотикияб хIаялъул муниципалияб этап. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул школазул щуго командаялъ.

Тадбиралъ жанире рачана батIи-батIиял хIаял. ЦIалдохъабаз бихьизабуна жигарчилъи, лебаллъи ва тирилъи. Гьединго тIоритIана тарихалъулгун патриотизмалъул, гIакълуялъулгун лъаялъул ва кьохIехьеялъул рахъалъ кьецал.

ХIалуцарал кьецазулъ ракIчIараб бергьенлъиги босун, хIаязул чемпионлъун бахъана Агъвали гимназиялъул команда, кIиабилеб бакI ккуна тIадгъакварисез ва лъабабилеб бакIалда гIей гьабуна гьигьалъдерил командаялъ.

Кьецазул гIахьалчагIаз рихьизаруна лъикIал хIасилал, тIадегIанаб даражаялъул хIадурлъи ва бергьине бугеб гьира. Бергьаразе кьуна грамотабигун ракIалде щвеялъе сайгъатал. Бищунго аслияб жо-тадбиралъ щивасул рекIелъ тана кIочонареб асар. Кьецазул гIахьалчагIазе щвана командаялъулал хIаязул хIалбихьи. Тадбиралъ бихьизабуна гIун бачIунеб гIелалъе рагъулабгун патриотикияб тарбия кьеялъе гьединал хIаязул бугеб кIудияб кIвар.




**МухIамад МухIамадов,** маданияталъул управлениялъул хIалтIухъан

ЦIияб тIехь

# Пикрабалъ тIерхьун вугони...

ТIехьалъул хIакъалъулъ рагIи абизе бокьун буго спорталдасан байбихьун. Дагъистаналда чахIиялги гIисиналги руго гугариялде машгъуллъун. Дунялалъулго кьецазда цересел бакIалги ккола гьез. Амма гьеб кидаго гуро гьедин букIараб. Араб гIасруялъул 50-60-абилел соназда магIарухъ кутакалда цебетIун букIана волейбол. Дунгоги вукIана ЦIумада районалъул ТIинди росдал школалъул волейболистазул капитанлъун.

Амма эркенаб гугарилъул рахъалъ щуцIул чемпионльун ГIали ГIалиев вахъиндал, волейболги жибго тун, росабазул лъималаз байбихьана гугарухъабазул секциязде хьвадизе. Гьелда релълъараб иш ккана магIарул поэзиялъулги. Расул ХIамзатовасул асараз дунялалъулго жамгIият хIикмалъизабуна. Гьелъ кантIизаруна Дагъистаналъул гIолилал къалам кодобе босизе: гьез байбихьана лирикиялги, ватIаналде рокьи загьир гьабулелги ва гIагараб тIабигIаталъул берцинлъи рагьулелги кучIдул хьвазе. Гьел цIалидал, ракIалде ккола тIабигIаталъул гьайбатлъиялъул бицунел нилъер шагIирзабазул асараз Япониялъул хокку цебего нахъе танилан абун.




Амма рагIаби херхине бажари букIин гIоларо. КечI хьвалев чияс гIакъилго хIалтIизабизе ккола щибаб рагIи, гьезулъ букIине ккола дуего хасиятаб чIва, дурго хатI. Гьеб гьунар киназулго асаразулъ гуро халльулеб.

Советияб заманалда тIехь къватIибе биччазе ккани, гьелъие къимат кьолаан хъвадарухъабазул Союзалъ, машгъурал хъвадарухъабазгун шагIирзабаз. Биххана СССР - биххана сундулго гIадлу-низам. Гьанже тIехь бахъула чванта бугес яги гьединав чиясул кумек щварас.

Машгъурав хъвадарухъан О. Генрица абулаан: «Хъвадарухъанасул гьунаралъе нугIлъи гьабула букIине кколеб тартибалда рагIаби хьван бажариялъ», - ан. Гьеб рахъалъ, дир пикруялда рекъон, кIудияб захIмалъи буго нилъер гьанжесел хъвадарухъабазеги шагIирзабазеги. БукIине кколеб тартибалда рагIаби хьвазе лъай - гьеб буго Аллагьасго кьолеб гьунар.

Дун гIахьаллъана батIи-батIиял тIахьазул цебелъеязда. БатIи-батIиял пикрабигун тIадвуссунаан гьениса. Амма кидаго рекIелъа камулароан «пагьмуялье Аллагьас квербакъаги, кагъат чорок гьабулес гьеб пиша тагиян» абураб пикру. Квеш бихьуге, гьудулзаби!

ТIахьал гIемерлъиялъ борцунаро шигIрияб гьунаралъул борхальи. Гьеб бахине хIалбихьулезда гьоркьор гIезегIан руго гьунар-пагьму кодоселги. Дагьалъ цеве дун щвана «ТIадмагIаруласул пикраби» абураб МухIамад Коратовасул тIехьалъул цебелъеялде. ТIехьалъул цIаралъго хьул бижизабуна гьениб, тIабигIаталъул берцинлъиялъ асир гьавиги йокьулей лъадуде гьурщараб асарги гуреб, философиябгун патриотияб лирикаги батиялде. Нильеца гIумру гьабулеб бугелъулха захIматаб геополитикияб заманалда!

Рехсараб тIехь бегулаго, бер тIаде цIана «СССР -дунялалъул хIуби» абураб кечIалъ. Рехселин гьелдаса мухъал:

**Дунялалъул хIуби, гучаб пачалихъ,**
**ХокIги гъоркьа бахъун, биххизабуна.**
**Дунял ккун букIараб чIалу бекидал,**
**Континентаздаго низамги хвана.**

**Вацал гIадин цадахъ рекъон рукIарал,**
**Улкабаз тушманлъи лъазе гьабуна.**
**Жидей гIолареб жо гьечIонаниги,**
**ГIакълу гьечIел бутIруз питна бекьана.**

Кинаб нух бихьулеб авторасда гьеб геополитикияб кризисалдаса рорчIиялье?

**Киналго данделъун, цойиде рачIун,**
**Нилъ рокьуларезул ракI кьватIуледухъ,**
**ТIолго дунялалда бихьулеб хIалалъ**
**Борхалъиялда чIвай ракълилаб байрахъ.**

ГIагараб улкаялъулги, хирияб халкъалъулги къисматалъ ракI унтарав чи вуго МухIамад Коратов. Гьединлъидал батила, гьесул тIехьалъул кIудияб бутIа кьун буго хасаб рагъулаб операциялда нилъер гIолохъабаз гьабулеб къеркьеялъул хIакъалъулъ бицунел асаразе. Масала, «Украиналда рагъ» абураб кочIолъ гьес ралагьулел руго рагъ ккеялъе гIиллаби. КочIол ахиралда гьес загьир гьабулеб буго ритIухълъи ханлъуда букIинин абураб пикру: вацлъиялда гIумру гьабизе буго кIиябго халкъалъ.

Гьебго тема рагьулеб буго «Рагъда вугев вацгIаласул вас ХIажиде» абураб кочIольги. Гьениб батула нилъер умумузул бахIарчилъиги, жакъасев рагъухъанасе насихIатги, рагъулаб борч гьес тIубазабизе букIиналде божилъиги.

МухIамад Коратов вуго «доваса, ай Совет Союзалдаса» чи. Гьеб буго гьитIинабги кIудиябги ватIаназул къимат гьабизе лъалеб, советияб халкъалъул букIараб парахалъиги, социалияб рахъалъ цIуниги жеги кочIон течIеб гIел. Дагъистаналъул пачалихъияб университетти лъугIизабун, МухIамад хIалтIана жавабиял хъулухъазда. Жакъа гьесда бихьулеб буго Россиялъул президентас улкаялъул халкъалъул гIумру цIилъизабиялъе, социалияб рахъалъ гьеб цIуниялъе гьабулеб хIаракат. Гьединлъидал гьес цо чанго кечI хьван буго улкаялъул президент Владимир Путинидеги.

Гьай-гьай, М. Коратовасулги руго ватIаналде, гIагарал мугIрузде ва чIужугIаданалде рокьи гьурщулел кучIдулги. Гьезульги автор вуго пикрабальги тIерхьун, щайгурелъул рокьул хIасилльун кидаго букIуна философияб магIна.

Икьбал кьеги дуе, МухIамад!

**ГIабдурахIман МухIамадов,** «Дагъистаналъул правда» газеталъул мухбир

**«ХIакъикъат» газеталдаса босараб**

**Слова благодарности**

# Спасибо, что вы есть на нашем жизненном пути!

Правду говорят - истинная сила и внутренние качества как людей, так и целых народов, проявляются в сложных ситуациях.

И сейчас, очутившись на грани жизни и смерти, будучи сражен тяжелой болезнью, я очень ярко осознал, как важны для человека родственные связи, как важна поддержка и помощь друзей и близких, какую важную и сложную миссию несут наши медицинские службы!

Да, это было для меня сложное испытание, но в то же время и осознание того, что все мои близкие, родные и друзья, возносят дуа о моем выздоровлении - придавало силы и не давало болезни ни единого шанса.

Сегодня я хочу поблагодарить работников Цумадинской центральной районной больницы, которые каждый день стоят на страже здоровья всего района, их четкие и слаженные действия, оперативно и точно поставленный диагноз, фактически спасли мою жизнь и минимизировали негативные последствия для организма. Отдельные слова благодарности хотелось бы сказать главному врачу Дибирасулаеву Хейрул-Анаму Магомедовичу, заведующему отделением реанимации Ахмедову Ахияду Хасбулаевичу, заведующему отделением терапии Газимагомедову Ризвану Магомедовичу, реаниматологу Якубову Ильясу Юсуповичу, и,конечно всему коллективу больницы.

Отдельная благодарность Дибирасулаеву Хейрул-Анаму Магомедовичу и Рамазанову Магомеду Мусаевичу за своевременную организацию санавиации.

Также необходимо отметить неравнодушное отношение и огромную оказанную помощь наших земляков, находящихся за пределами республики, но всегда готовых помочь, выражаем благодарность Рамазанову Хабибу Рамазановичу за контроль и консультации по проведению лечения.

Хотелось бы также сказать спасибо всем и каждому, кто обращался к Всевышнему с молитвой о моем выздоровлении, всем и каждому кто был рядом в эти трудные дни. Ваша поддержка дала мне силы для борьбы с недугом и скорейшего выздоровления!

Самый лучший подарок, который дарит нам судьба - это люди, которым мы говорим: «Спасибо, что вы есть на нашем жизненном пути!».

И да, наша сила в единстве, в единстве семьи, рода, сообщества, завещанном нам предками. К сожалению, в наше время стираются традиции и обычаи, ускоренный ритм жизни, особенно в больших городах, мешает общению даже близких родственников, стираются родственные связи… Поэтому так важно иногда становиться приехать в родовое село, пообщаться со старшими, почувствовать силу рода и передать детям и внукам силу единства, доброты и взаимопомощи…

Как и наш великий Расул Гамзатов, я могу сказать, что мне посчастливилось родиться в селе Гигатли. Мне посчастливилось быть частью этого народа. Мне посчастливилось стать носителем этих традиций! И раз Всевышний дал мне еще времени, я буду счастлив передать их детям и внукам...

**Магомед Меджидов**

**Всемирная неделя иммунизации**

# Иммунизация для всех

С 24 по 30 апреля в районе проводилась Всемирная неделя иммунизации, направленная на повышение осведомленности людей о важности иммунизации для здоровья и благополучия.



Проведение Всемирной недели иммунизации призвано привлечь внимание общественности к иммунизации как одной из главных профилактических мер, позволяющих уберечь человечество от инфекционных заболеваний. Цель мероприятия – обеспечить защиту большего числа детей и взрослых от болезней, которые можно предотвратить с помощью вакцинации, что позволит им жить более счастливой и здоровой жизнью.

Иммунизация - важная часть современной медицины, благодаря которой уже несколько поколений выросли, не зная об эпидемиях натуральной оспы и полиомиелита. Инфекционные болезни уже не являются для людей такими страшными, как раньше. Не регистрируются столбняк, краснуха, паротит, дифтерия, корь. Благодаря вакцинопрофилактике появилась возможность предотвращения более 40 инфекционных заболеваний. Перестав бояться болезней, люди стали бояться прививок и отказываться от них. Количество отказов с каждым годом растёт. Люди не понимают, как действуют вакцины, какие изменения они вызывают в организме, они считают, что вакцины «недостаточно безопасны» и боятся побочных эффектов и относят к побочным эффектам все события, происходящие после вакцинации.

Вакцины - иммунобиологические препараты, предназначенные для создания специфической невосприимчивости к инфекционным болезням. Основу любой вакцины составляет антиген (АГ)-ослабленный или убитый возбудитель той или иной инфекции или части возбудителя. Главное отличие вакцинного АГ от АГ естественного - он не способен причинить вред организму.

Огромное внимание уделяется вопросам безопасности вакцин. Ни одна вакцина никогда не будет запущена в массовое применение, если она создает серьёзные риски для здоровья. Оценка безопасности вакцин начинается с момента их создания и продолжается на всех этапах их использования.

В России существует система сбора информации о любых негативных явлениях в поствакцинальном периоде, их анализ и принятие мер при необходимости. Работа по отслеживанию возможных нежелательных явлений проводится постоянно, даже когда вакцина давно находится в использовании. С этой целью в медицинских документах указывается не только название, но и серия введенного вакцинного препарата. Если с применением препарата какой-либо серии связано большое число реакций или же серьезное осложнение –серия изымается из использования.

На введённый вакцинный АГ организм вырабатывает антитела, которые находятся в крови длительное время (месяцы, годы, десятки лет). Пока в крови находится достаточное количество антител, человек данной инфекцией не заболевает.

Послепрививочный иммунитет имеет разные сроки выработки и различную продолжительность. Сразу после прививки человек не защищен, требуется время, чтобы вакцина начала защищать. Для каждой вакцины это время различное. Есть вакцины с быстрой выработкой антител (коревая), есть с медленной - через 2-4 недели и больше (гриппозная вакцина).

Иммунизация имеет целью создание коллективного иммунитета. Чем выше контагиозность, тем выше должен быть уровень коллективного иммунитета, тем больше должно быть в популяции вакцинированных.

Формируя коллективный иммунитет, мы защищаем людей, которые в силу разных причин не могут быть привиты (маленькие дети, не достигшие прививочного возраста, лица с противопоказаниями, пожилые).

Некоторые родители рассуждают так: все вокруг привитые, моего непривитого ребенка никто не заразит. Это до тех пор, пока доля отказывающихся от прививок не перейдет определённого рубежа – различного для каждого конкретного заболевания. А дальше - достаточно одного занесенного извне случая, и будет вспышка, в которой пострадают непривитые дети.

Не существует вакцин с абсолютно 100% эффективностью. В любой популяции обязательно будет некоторое количество людей, которые не отвечают на вакцинацию выработкой иммунитета.Задача любой вакцины - предупредить летальные исходы и тяжелое течение.

Порядок проведения профилактических прививок:

-осмотр и термометрия перед прививкой;

-наблюдение за привитыми (в течение 30 мин. и далее у детей до 1-го года - в сроки возможного появления ПВР).

Отказ оформляется в медицинской карте за подписью прививаемого или его опекуна, при отказе от подписи - подписью 2-х медработников.

В случае отказа граждан от профилактических прививок Федеральный Закон №157 предусматривает определенные права государства:

-запрет на выезд в страны, где требуются конкретные прививки;

-временный отказ в приеме в образовательные и оздоровительные учреждения при возникновении массовых инфекционных заболеваний или угрозе эпидемии;

-отказ в допуске к работам, выполнение которых связано с высоким риском заболевания инфекционными болезнями.

**Магомед Магомедов,** врач-педиатр райбольницы

**ОМВД**

# Обращение

**руководства ОМВД России по Цумадинскому району к жителям района**

**Уважаемые жители района!**

В районе 20 апреля стартовал первый этап акции «Сообщи, где торгуют смертью!», которая продлится до 1 мая. Акция направлена на выявление и пресечение преступлений, связанных с употреблением, хранением, перевозкой, изготовлением и сбытом наркотических средств, усиление борьбы с незаконным оборотом наркотиков и вовлечение общественности в эту среду. Главная задача акции - сбор и проверка информации о противоправной деятельности, связанной с наркотиками, а также оказание помощи наркозависимым гражданам.

Призываем жителей муниципалитета не оставаться равнодушными и сообщать в полицию обо всех подозрительных фактах, в том числе о местах сбыта, тайниках (закладках) подозрительных лицах или веществах, а также о рекламе наркотических средств. Также можно сообщить о людях, которые нуждаются в помощи и реабилитации.

К сожалению, в нашем районе имело место несколько случаев применения несовершеннолетними детьми сильнодействующих лекарственных препаратов, последствия - подорванное здоровье и слезы родителей. Также имело место применения несовершеннолетним никотиносодержащего продукта «Шпак» или «Насвай». Насвай не курят, а рассасывают, закатывая его под губу. В него добавляют мышиные и куриные экскременты. Он выглядит и пахнет омерзительно.

Производители иногда добавляют в насвай наркотические вещества с целью сформировать у клиентов не только психологическую, но и физическую зависимость. Врачи предупреждают,что насвай-это первый шаг на пути к тяжелым наркотикам.

Любую информацию по поводу вышеперечисленного нужно сообщить по телефонам: **8-963-410-52-51, 8-967-937-30-62.**

**ОМВД России по Цумадинскому району**

# Извещение

**о проведении в 2027 году государственной кадастровой оценки зданий, помещений, сооружений, объектов незавершенного строительства, машиномест, учтенных в Едином государственном реестре недвижимости на территории Республики Дагестан**

1.В соответствии со статьями 6 и 11 Федерального закона от 3 июля 2016 г. № 237-ФЗ «О государственной кадастровой оценке», постановлением Правительства Республики Дагестан от 17 мая 2018 года № 48 «Вопросы Министерства по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан» и приказом Минимущества Дагестана от 20 апреля 2026 г. № 323 «О проведении государственной кадастровой оценки зданий, помещений, сооружений, объектов незавершенного строительства, машино-мест, учтенных в Едином государственном реестре недвижимости на территории Республики Дагестан» в 2027 г. планируется проведение государственной кадастровой оценки всех зданий, помещений, сооружений, объектов незавершенного строительства, машиномест, учтенных в Едином государственном реестре недвижимости на территории Республики Дагестан.

Указанный приказ размещен на официальном сайте Министерства по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан https://estate-rd.ru в разделе «деятельность»/«государственная кадастровая оценка».

В целях сбора и обработки информации, необходимой для определения кадастровой стоимости государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Дагестанское бюро по технической инвентаризации и кадастровой оценке» (далее - ГБУ РД «Дагтехкадастр»), осуществляет прием деклараций о характеристиках соответствующих объектов недвижимости от правообладателей объектов недвижимости.

Декларация о характеристиках объекта недвижимости подается в ГБУ РД «Дагтехкадастр» или многофункциональный центр предоставления государственных и муниципальных услуг (далее - многофункциональный центр) лично или с использованием информационно-телекоммуникационных сетей общего пользования, в том числе сети «Интернет», включая портал государственных и муниципальных услуг, а также регистрируемым почтовым отправлением с уведомлением о вручении.

**Райадминистрация**

Волейбол

## «ЩIумадисезул гьаракьалъул» призалъе турнир



КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 81 сон тIубай ва Россиялъул халкъазул цолъиялъул сон кIодо гьабун 25 апрелалда Агъвали гимназиялъул спортивияб залалда тIобитIана «ЩIумадисезул гьаракь» газеталъул призалъе волейболалъул иргадулаб турнир.

Гьеб рагьана спорталъул ва гIолилазул политикаялъул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасировас. Жиндирго цебергIиялда гьес тIадчIей гьабун бицана гьединал тадбираз спорт цебетIеялъе квербакьи гьаби гуребги, гIолилазда гьоркьоб гьудуллъиги щула гьабулеб букIиналъул.

Исана турнир ана тIадегIанаб даражаялда командабазул щикIкIараб гIахьаллъигун. Гьениб, кидаго гIахьаллъичIеб, гIахьаллъана 13 команда. ТIадгьакварисез, Гъоркьгьакварисез ва Къедисез лъуна кIи-кIи командa, гьединго гIахьаллъана КIванада, Гьигьалъ, Метрада, ТIадхьваршини, Силди, ТIинди ва ТIисси росабалъа командаби.

Турниралъухъ ралагьизе рачIаразе лъикIаб асар гьабуна цебе бахъараб щибаб командаялъ. ХIалуцарал дандчIваязул хIасилазда финалалда дандчIвана ТIадгьаквари ва Гьигьалъ командаби. Ахираб кIиго соналъ Кубокалдаса махIрумлъун букIараб ТIадгьакварисез исана тIадбуссинабуна турниралъул хьвадулеб Кубок. ЛъикIго данде гьабураб командаялъулаб хIалтIиги, хIадурлъиялъул тIадегIанаб даражаги бихьизабураб тIадгьакварисезул командаялъ ккуна тIоцебесеб бакI, кIиабилеб бакI щвана гьигьалъдерил командаялъе. Гьезги бихьизабуна лъикIаб хIал ва бергьенлъи босизе бугеб таваккал. Лъабабилеб бакI ккуна ТIисси росдал командаялъ. Абизе бегьула, исана гIадин шавкъ щун, гьал ахирал соназ турнир тIобитIичIин. Гьеб бихьулеб букIана залалда букIараб болельщиказул рохалилаб ахIвал-хIалалдаса.



ТIоцебесеб ва призалъулал бакIал ккурал командаби кIодо гьаруна гIарцулал сайгъатаздалъун: ТIоцебесеб бакI ккураб командаялъе 30 000 гъурущ, кIиабилеб ва лъабабилеб бакI ккуразе рекъонкколедухъ 20 000 ва 10 000 гъурущ гIарцул премияби ва грамотабигун медалал кьуна.




Гьединго гIарцулал сайгъатаздалъун кIодо гьаруна бищун лъикIав гьужумалъулав ТIадгьаквариса ХIасан Мусалов, бищун лъикIав бухьен ккезабулев Гьигьалъа Шамил МухIамадов, бищун лъикIав защитник ТIиссиса Рамазан АхIмадов, ритIухъаб судиялъи гьабурав Гьигьалъа Сайпудин Канзулаев.

Турниралъул гIуцIарухъабаз баркала загьир гьабуна лъикIаб хIай ва ритIухъаб судиялъи гьабурал гIолохъабазе.

Турниралъ иргадулаб нухалъги бихьизабуна гIолохъабазда гьоркьоб цолъи, гьудуллъи-вацлъи, цоцазул адаб -хIурмат гьаби ва районалъул цIар борхатго ккезе спорталъулъ бугеб таваккал.

**ТIалхIат ГIабдулбасиров**

| |
|---|
| Районалъул финансовияб отделалъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъялда зигара балеб буго **Жамалов ИсмагIил** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан гьесул хьизан- лъималазда ва гIагарлъиялда.<br>Аллагьас хварасул рухI иманалда бахъун батаги, гIагарлъиялъе иманияб сабруги, сахаб гIумруги кьеги. |

| |
|---|
| «ЩIумадисезул гьаракь» газеталъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго ХIажиева Савдатида гьелъул эмен<br>**МухIамад**<br>Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.<br>Аллагьас хварасул рухI иманалда бахъун батаги, гIагарлъиялъе иманияб сабруги, сахаб гIумруги кьеги. |

Эркенаб гугари

## ЩIумадисел Европаялъул чемпионаталда

Гьал къоязда Албаниялъул Тирана шагьаралда эркенаб гугариялъул рахъалъ Европаялъул чемпионаталда Россиялъул командаялда гьорлъ цере рахъарал Дагъистаналъул гугарухъабазул щугояв вахъана чемпионлъун, кIигояв - призерлъун.




ЩIумадисел рохизаруна гьенир цере рахъарал нильер районалъул гугарухъабаз. КIиго меседил, цо гIарцул ва цо мазгарул медалалгун тIадруссана гьел Дагъистаналде. Финалияб дандчIваялда ракIчIараб бергьенлъиги босун, 65 кг. цIайиялда Европаялъул чемпионлъун вахьана Метрадаса гIолохъанав гугарухъан Башир МухIамадов.

79 кг. цIайиялда финалалда дандчIвана нильер машгъурал гугарухъаби Акнадаса АхIмад ГIусманов ва Хуштадаса МухIамадхIабиб КъадимухIамадов. Лъабабилеб нухалъги гьеб цIайиялда Европаялъул чемпионлъун вахъана АхIмад ГIусманов.

92 кг. цIайиялда Инхокъвариса Аманула ХIажимухIамадов мустахIикъльана мазгарул медалалъе. БитIккечIо гьаб нухалъ 125 кг. цIайиялда цеве вахъарав КIванадаса Шамил Мусаевасе.

РакI-ракIалъ баркула гугарухъабазда щварал бергьенлъаби, гьарула гьезие щулияб сахлъи ва хаду-хадурги чIахIиял бергьенлъаби!

**ТIалхIат ГIабдулбасиров**

Теннис

## Теннисалъул рахъалъ районалъул къецал

25 апрелалда Агъвали тIоритIана 2012-2013 ва 2014-2015 соназ гьарурал школлъималазда гьоркьор столалда хIалеб теннисалъул рахъалъ къецал. Гьенир гIахьаллъана Агъвали гимназиялъул, ТIисси, ТIадгьаквари, Хуштада, Лъондода, Гьигьалъ ва Эчеда школазул васалгун ясал. Гьел тIоритIана районалда столалда хIалеб теннис цебетIезабиялъул, гIолохъанал спортсменазул спортивияб бажари камил гьабиялъул ва республикаялъул къецазде районалъул тIасабищараб команда хIадур гьаби мурадалда.

2012-2013 соназ гьарурал васазда гьоркьоб 1 бакI ккуна Агъвалиса МухIамад Жалаловас, 2 ва 3 бакIал - Лъондодаса МухIамадов Адамицагун Лабазанов ГIумарица.

Ясазда гьоркьоб 1 бакI ккуна Хуштадаса Пайзулаева Ясминаца, 2 бакI - Хуштадаса ГьазимухIамадова Фатимаца ва 3 бакI-ТIиссиса Ибрагьимова ПатIимат.

2014-2015 соназ гьарурал васазда гьоркьоб 1 ва 2 бакIал ккуна Лъондодаса Денгаев ГIумарицагун ГIабдулпатахI Насрудиновас ва 3 бакIалде ккана Агъвалиса Хайрудин Дибиров.

Ясазда гьоркьоб 1 ва 2 бакIал ккуна Хуштадаса ХIажиева Ясминацагун ГIалиева ГIайшатица.

Бергьаразе ва призерازе районалъул ветераназул Советалъул председатель, районалъул Собраниялъул депутат МухIамад ХIанаповас кьуна рекъон кколел даражаялъул грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.

Къецал тIоритIизе гIарцулаб кумек гьабуралъухъ МухIамад ХIанаповасе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго къецазул оргкомитеталъ.

**Шамил Сажидов**

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич (87273) 2-52-44

Жавабияв секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна

Техникияв редактор МухIамадова Батул МухIамадовна

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Щумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«ЩIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «Щумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 1003
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Адрес электронной почты Golostsumady@mail.ru

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальгольи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.